

CHIKAMU 10

MINANA  
NEZVIRAHWE

---



KUNE IMWE  
NZVIMBO.

AVE  
MAZUVA NDISINA  
CHANDADYA.

UCHAFA  
UKASADZIDZA  
KUDYA MAKONZO  
NEMAPETE.  
NDOMARARAMIRO  
AUNGATOITA.

REGAI  
NDIFE ZVANGU.  
GORE RAPER  
NDAIVA MUNHU  
ANOREMEKEDZWA UYE  
NDINE UPFUMI HWANGU  
MUDUNHU REDU,  
ASI CHINDITARISA  
NHASI UONE.

ZVAKAPER  
HAUCHINA CHIREMERA,  
WANGOVA MURWERE  
WEMAPEREMBUDZI, MUNHU  
ANOTARISIRWA PASI.

NDAKANGE  
NDIINE TARIRO  
KUTI NDICHANAYA  
NDODZOKERA  
KUMUDZIMAI WANGU  
NEVANA. ASI IKOZVINO  
KWAPERA MAKORE  
GUMI NDIRIPANO,  
HAKUNA WANDINOZIVA  
AKAMBOPORA KANA  
KUITA ZVIRINANI.






MAZUVA OKUTANGA  
MUDZIMAI WANGU AIUYA  
NEVANA VOMIRA KURE  
VACHITaura NENI, ASI  
ZVAKAZOTANGA KUPERA.  
VANA VANGU VAKURA  
MANJE, HANDIFUNGI  
KUTI VACHANDIZIVA  
VAKANDIONA. ZVIRINANI  
KUFA HANGU PANE  
IZVI.


REGERA  
KUZVIDYA MOYO,  
HAKUNA UNE HANYA  
NEWE, KANA MWARI  
CHAIVO. HANDEI  
TINOTSVAGA  
KWEKUPEMHA  
ZVOKUDYA.





TAKUENDA  
KUMUGWAGWA,  
PAMWE VANHU  
VANGATITYE  
VAKATIPA  
ZVOKUDYA.

NGATIFAMBE  
TOSE,  
ZVITIDZIVIRIRE  
KUVAVENGI.

A black and white illustration of a group of people in a desert landscape. The people are wearing long, flowing robes and head coverings. They are walking across a sandy, hilly terrain. In the background, there are rolling hills and a few trees. A speech bubble is positioned in the upper center of the image, containing text in a stylized font.

NDIRIKUONA  
VAFAMBI MUNZIRA  
YEDU.



CHENJERA!  
VAKOMANA VAYE  
ZVEKARE.

IBVAI KUNO IMI VARWERE  
VEMAPEREMBUDZI, ZVIREMA  
ZVINETSVINA. TSVAGAI  
KUMWE KWEKUNOFIRA.

MAPETE  
EVANHU AZERE  
NETSVINA, MWARI  
VARIKUKURANGAI.


***TIZA!***  
***TIZA!***





HATINA  
KUCHENA!  
HATINA KUCHENA!  
TOSE HATINA  
KUCHENA.

NDEVAYA  
VANE  
MAPEREMBUDZI,  
USAREGE VACHISVIKA  
PEDYO NEWE  
LINGABATIRE  
CHIRWERE.



MUNGATINZWIRAWO  
TSITSI HERE?  
MUNGATIPAWO CHIMEDU  
CHIDUKU-DUKU CHOGA  
PAMUNHU HERE?

WANAI  
CHAMUNOVAPA  
VAENDE.

USASVIKE  
PEDYO, HAUNA  
KUCHENA.



DZOKERA  
SHURE, TICHASIYA  
CHIKAFU ICHI PASI.

CHIMBOMIRA  
IKOKO KUSVIKA  
NDABVA PANO.



**CHINGWA!**

**NDISIIREWO!**

**CHIKAFU!**

**USADYE  
CHOSE!**



**NDECHANGU!**

**NGURUVE  
YEMUNHU!**

**CHINGWA!  
CHINGWA!**


**MWARI  
WANGLI!**



PAKUUYA VAFAMBI  
VAKATI WANDEI.

NGWARIRAI  
NOKUTI  
VAKATI WANDEI.

VOSE  
VARLIME.



LIYO NDIJESU  
WENAZARETA.  
NDAKAMBOMUONA  
KAMWE NDISATI  
NDATANGA KURWARA.  
ANOPORESA  
VARWERE.

ANOTI AKABVA  
KUNA MWARI. ANOTI  
IYE NABABA VAMWE.  
NDAKAMUONA  
ACHIPORESA MAPOFU  
NEMHETAMAKUMBO.



**JESU!  
TIBATSIREWO!**

**ISHE,  
NDEVAYA VANE  
MAPEREMBUDZI.**

**VADZIVISEI  
VASASVIKE  
PEDYO.**



LUNODA  
KUTI  
NDIKUITIREI?

TIWANIREIWO  
NYASHA  
MUTIPORESE.

KANA  
MUCHIKWANISA  
TIPORESEIWO.



**HAMLIFANIRI  
KUNDIBATA!**



**ZVAKANAKA.  
ENDAI KUTEMBERI  
MONOZVIRATIDZA  
KUMUPIRISITA KUTI MAPORA,  
IYE UCHAKUPAI MVUMO  
YOKUDZOKERA KUMISHA  
NEKUMHURI DZENYU.**



ANOTI  
TAPORESWA.

VACHATIDZINGA  
TISATI TASVIKA  
KUTEMBERI.

INI  
NDICHAITA  
SEZVAAREVA.

NENIWO.  
HANDEI.

LUKA 17:11-14



JESU WATI  
TANATSWA.



NDAKUITONZWA  
ZVIRINANI.



**ZVAKLITOSHANDUKA.**






**GANDA  
RANGU  
RAPORA!**

**JESU  
TINOTENDA!  
TAPORA!**

**HAUSISINA  
KUSHATA  
SEZVIYA!**

**NDODA  
KUNOONA  
MUDZIMAI  
WANGU!**



MAKAROPAFADZWA IMI  
MWANAKOMANA WAMWARI,  
MAMBO WAIZIRAYERE,  
MANDIDZORERA HUPENYU  
HWANGU. MWARI NDIMWARI  
WENYASHA NETSITSI.

HAVASI GUMI HERE  
VANATSWA? ASI MUMWE  
NDIYE ADZOKA KUZOVONGA,  
UYE MUSAMARIYA HAASI  
MUJUDHA.

LUKA 17:14-19


PANE MURUME WAKABVUNZA  
JESU KUTI VAZHINJI VACHAWANA  
UPENYU HUSINGAPERI HERE?  
JESU WAKAPINDURA ACHITI.

**UPENYU HUSINGAPERI.**

REGAI NDIKUUDZEI,  
NZIRA YOUNPENYU  
HUSINGAPERI YAKAOMA,  
YAKAMANIKANA, LIYE  
VASHOMA VANOIWANA.  
ASI NZIRA YOKUPARADZWA  
YAKAFARANUKA LIYE NDIKO  
KUNOENDA VAZHINJI,  
VANOPARARA  
NOKUSINGAPERI.







EDZAI KUPINDA NENZIRA  
YAKAMANIKANA, NOKUTI  
VAZHINJI VANOEDZA KUWANA  
LUPENYU VACHITADZA. MUSI  
WEKUTONGWA VAZHINJI VACHACHEMA  
KUMUSIKI VACHITI, "ISHE, INGA  
NDAIKUNAMATAI WANI. NDAITSANYA  
NOKUNAMATA. NDAIPIRA MUPIRO  
YANGU. NDAKAPOROFITA MUZITA  
RENYU, UYE NDIKADZINGA  
MWEYA YETSVINA."

INI NDICHAVAPINDURA  
NDICHITI, "HANDIKUZIVEI,  
IBVAI KWANDIRI IMI  
MAKATUKWA. KUCHAVA  
NEKUCHEMA KUNOPISA  
TSITSI NOKUGEDA GEDA  
KWEMENO."

MUNZVIMBO  
IYI, MWEYA YAVO  
HAIFI, UYE MOTO  
HAUDZIMI. KUNHUWA  
KWEKUTSVA KWAVO  
KUCHAKWIRA KUDENGA  
NOKUSINGAPERI.

MATEU 7:13-14, 22-23;  
ZVAKAZARLIRWA 14:11

JESU WAKATAURA  
IMWE NYAYA.



PAIVA  
NEMURLUME AIPFEKA  
ZVINODHURA ACHIDYA  
ZVAKANAKA MAZLIVA  
OUPENYU HWAKE HWOSE.  
AIVA MUNHU AITEVEDZA  
NZIRA DZAKACHENA,  
UYE AIVA ASINA  
UNYENGERI, KANA UIPI,  
ASI WAINYANYA  
KUZVIFUNGA.

AICHENGETA  
MARI YAKE  
ICHIWANDA  
ZUVA  
NEZUVA.

TORA MAFUFU AWA  
KUBVA PATAFURA YANGU  
UNOPA RAZARASI ANOSHUZHA  
ARI PAMUKOVA PANGU. NDIRI  
MUNHU ANONZWIRA VANHU  
TSITSI UYE ANOPA.




HONGU  
CHANGAMIRE,  
NDINOVIMBA  
ACHATENDA.



ISHE  
VATI NDIKUPE  
MAFUFU AWA.

MWARI  
NGAVAKUDZWE! MWARI  
VANORANGARIRA VANHU VAVO!  
HANDINA KUKODZERA NETSITSI  
DZAKADAI. NDI TENDEREIWO  
ISHE VANGU.

NDINE  
HUPFUMI  
HWAKAWANDISA,  
NDICHATOGADZIRA  
POKUISA HUPFUMI  
HWANGU PAKATI  
KUREI.




**BENZI  
ROMUNHU, NHASI  
CHAIYE UCHAFWA  
MWEYA WAKE  
UGONOTONGWA.**

**MUNHU AKATARIRWA  
KUFWA KAMWE,  
WOZOTONGWA  
MUSHURE.**

**HUU!  
FUU, BHII!**

**LUKA 16:19-22; VAHEBHURU 9:27**

PAVAKANGE VONORADZIKANDA  
SHOROMA IYI, VAKAWANA RAZARO AFA.



IHARAHWA IYA  
YAIGARA PAMUKOVA  
ICHIKUMBIRA  
ZVOKUDYA, RAZARO.  
AFA ASI ANORATIDZA  
KUVA NERUNYARARO  
RUKURU.


RAZARO WAKATAKURWA MUNGORO  
NDOKUNORADZIKWA SEZVINOITWA  
VAROMBO. HAPANA AKAMUCHEMA, KANA  
KUSHUNGURUDZIKA NERUFU RWAKE.



ASI NGIROZI DZAKALIYA  
DZIKAMUENDESA  
KUPARADHISO.

HEYI!  
TAFAMBA  
ZVAKANAKA.  
NDANGA  
NDISINGAZIVI  
KUTI KUFA  
KUNONAKIDZA  
SEIZVI.

RAZARO, HAMA  
MUNASHE, TINOKUGASHIRA.  
HAUCHASHAYI CHOKUDYA  
ZVEKARE, UYE MUVIRI WAKO  
HAUCHAKURWADZI ZVEKARE.  
HUYA UDYE PATAFURA  
YAWAKAGADZIRIRWA.



WAIVA MUNHU  
AKANAKA. DZIMWE NGLIVA  
WAIOMESERA VASHANDI VAKE,  
ASI AIZVIITA NOKUTI AIDA NYIKA  
YAKE, UYE AIVE AKATENDEKA  
MUKUBATA KWAKE KOSE.

WAENDA  
KUNOPIWA MUGOVE  
WAKE, MWEYA WAKE  
NGAUZORORE  
MURUGARE.

VAPFUMI  
VANORADZIKWA  
ZVINECHIREMERA,  
VANE MARINDA  
AKANAKA.  
VAZHINJI VAKALIYA  
KUZOONA KUTI  
AKANGE AVASIYIRA  
CHII MUSHURE  
MORUFU RWAKE.




PAKAFU MUPFUMI  
AKAZVIONA ACHIWIRA  
MUGOMBA RISINA  
MAGLIMO.



LUKA 16:22



**NDIBATISIREIWO!  
MWARI WANGU, PANE  
ANGANDIBATSIRAWO  
HERE! NDIRI PANO  
MUMOTO!**




BABA  
ABHURAHAMU,  
NDINZWIREIWO TSITSI.  
NDINOONA RAZARO  
LIYO IKOKO, MUTUMEI  
ANYIKE CHIGUNWE  
CHAKE MUMVURA  
AZONDITONHODZA  
KUTSVA KWANGU.

MUKOMA, DAI  
NDAIGONA NDAIKUBATSIRA,  
ASI PAKATI PEDU NEMI  
PANE MUKAHA MUKURU,  
HATIGONI KUYA IKOKO, LIYE  
IMI HAMIGONI KUYA  
KUNO.

TUMIRAI RAZARO KUHAMA  
DZANGU ANOPARIDZIRA  
MADZIKOMA ANGU MASHANU PASI  
KUTI VASALIYE KUNO KWANDIRI  
KUZERE NOKUTAMBURA.


**LUKA 16:22-31**



**KWETE,  
HAZVINA KUKWANA,  
VAKAONA KUMUKA  
KWEMUNHU KUVAFI  
VANOTENDEUKA.**

**VANE  
LICHAPUPU  
HWAMOZISI  
NEVAPOROFITA.  
REGAI VATENDE  
MAGWARO.**

**KANA VASINGATENDI MAGWARO  
HAZVISHANDUKI KANA VAKAONA  
MUNHU ACHIMUKA KUVAFI. KWALURI  
HAZVICHABATSIRI, ASI AVO VANOFANIRA  
KUTENDA. NDINE UROMBO HAPANA  
CHANDINOKWANISA KUITA.**



APO,  
MAJAYA  
MURISEYI. HUYAI  
NDIKUFADZEI,  
RUDO RWANGLU  
RWAKACHIPA.

ISHE,  
MUSAMUTEERERE  
LYO. HAPACHINA  
TARIRO YESUNUNGURO  
KWAARI.



MAGWARO MATSVENE  
ANOTI, "USAITE  
LIPOMBWE."

AIWA,  
INI NDIRI  
MURANDAKADZI  
ANOTENDA KUNA  
MWARI.

SATANI  
WAKAKUNYENGERA,  
MAGUMO AKO, IDZIVA  
ROMOTO UNOPARADZA.



WANZWA KUTAURA  
KWESHAMWARI YAKO.  
KWANDIRI HAPACHINA  
TARIRO. NDAKATANGA  
CHIHURE NDIRI  
MWANA MUDIKI.

TARIRO HAIPERI  
KWAURI MUNA MWARI.  
LIKAMUTSVAGA NOMOYO  
WAKO ANOWANIKA.  
ACHAKUREGERA ZVIVI  
ZVAKO AGODZOREDZERA  
MWEYA WAKO.



MWEYA WANGU  
UNA DHIYABHOROSI,  
ASI NDINO GONA KUUPA  
KUNA MWARI KANA...  
HHHH... HHH.





**HEY!!!!**...

**AZERE  
NEMWEYA  
YETSVINA!**

**DZOKA  
PANO!**

EKISODHO 20:14; RUKA 8:2;  
1 JOHANE 1:9



**YOWEE...**

**BUDA  
MAARI  
SATANI!**



NDINOKURAIRA,  
BUDA MAARI.  
USADZOKE ZVEKARE.

MADHIMONI MANOMWE  
AKABUDA MAARI MUSHURE  
MOKURAIRWA NAJESU.



ABUDA!

KO IWE  
NDIWE  
ANI!


NDINI  
JESU.



REGERA  
MABASO  
AKO ERIMA  
UNAMATE MWARI,  
UKASADARO  
MWEYA IYOYI  
ICHADZOKA  
NEIMWE YAKAIPA  
KUYIDARIKA.

NDINODA  
KUTEVERA MWARI.  
NDICHAKUTEVERAI  
NDIGODZIDZA  
ZVAKAWANDA.

CHII  
CHAITIKA  
KWAARI?




ISHE, NDAONA ZVAITIKA,  
NDASHAMISWA. VAKURU VEDU  
VEZVINAMATO VAIVE VASINA  
KANA SHUNGU NAMARIYA  
MAGADHARINA.

ASI VAMWE VAVO  
VAIZOMUTSVAGA  
HUSIKU. MAMUPA  
HUPENYU HUTSVA.


TICHATEVERA.

MUNGALYEWU KUMBA  
KWANGI, IMI NEVADZIDZI  
VENYU MUZODYA? NDINODA  
KUTI SHAMWARI DZANGU  
DZINZWEWO DZIDZISO  
YENYU.



TIUDZE JESU,  
MUNHU ANGARARAME  
ACHITEVEDZA NZIRA  
DZOKURURAMA SEI  
MUNYIKA IZERE  
NOHUORI YAKADAI?


MUSAPEDZERE  
SIMBA RENYU PANE  
ZVINOORA, ASI PAUPENYU  
HUSINGAPERI. USAPEDZERE  
NGUVA MUKUUNGANIDZA  
UPFUMI HWAKO, ASI TSVAKA  
KUTI UNGAVE ROPAFADZO  
SEI KUNYIKA.



LIPENYU  
HWAKAKOSHA  
KUDARIKA ZVOKUDYA  
NEZVOKUPFEKA. KANA  
MWARI VACHIPFEKEDZA  
MARIVA ENYIKA,  
ANOGONA  
KUKUPFEKEDZAWO.

ICHAKWANA NGLIVA  
ICHAMISWA VANHU  
VOSE PAMBERI PECHIGARO  
CHAMWARI CHOKUTONGWA.  
VANHU VACHATONGWA  
MARINGE NEMABASA  
AVAKABATA AKANAKA  
NEAKASHATA.






MUSAITE SEVATUNGAMIRI  
VENYU VEDZISVONDO  
VASINGARARAME SEKUPARIDZA  
KWAVO. VANOITA SEMIKOMBE  
YAKACHENA KUNZE ASI MUKATI  
IZERE TSVINA.

KANA  
KURLURAMA  
KWENYU  
KUSINGAPFUURI  
KWAVO,  
HAMUNGAPINDI  
MUMAMBO  
HWAMWARI.

MUPARIDZI 12:14; MATEU 23:25, 6:19-21, 25,  
28-30, 12:36; RUKA 15:1-3



SAKA  
MUNOGAMUCHIRA  
VATADZI, MOTOGARA  
NAVO PASI MUCHIDYA?  
NDINOONA MARIYA  
MAGADHARINA URIPANO,  
SAKA MUNGAVE  
MUTSVENE PAKAYI  
MUCHIGARISANA  
NEVAKADAI?

REGAI  
NDIKUPEI KANYAYA  
KANOTSANANGURA  
MOYO WAMWARI.



PAIVA  
NEMURUME AIVA  
NEVANA VAVIRI.  
MUDIKI WACHO AIVA  
ASINGATEERERI  
ACHIFARIRA MAFARO  
ENYIKA.

HONGU,  
NDINOIFARIRA  
NYAYA IYI.



AKAUDZA  
BABA VAKE  
KUTI VAMUPE  
MUGOVE WAKE  
WENHAKA.

BABA, DAI  
MANGONDIPA  
CHIDIMBU  
CHEMUNDA  
WANGU, NDINODA  
KUNOTSVAGA  
UPFUMI HWANGU  
MUGUTA.

NHAI MWANANGU, ZVOSE ZVANDINAZVO  
HAZVISI ZVAKO HERE? NDICHARARAMA KUSVIKA  
RIINI, MANJE MANJE MUNENGE MOGOVANA NHAKA  
YANGU NEVAKOMA VAKO. TARIRA NDINE UPFUMI  
WUZHINJI, MUCHAGARA ZVAKANAKA HUPENYU HWENYU  
HWOSE. TARIRA TINE ZVIPFIYO ZVAKAWANDA, HWAI,  
MOMBE, VASHANDI VAKAWANDA, UYE TINORIMA  
PAKURU GORE NEGORE ...

INI NDINODA KUNOONA NYIKA  
KUGUTA, HANDIDI HANGU UPENYU  
HWEPAMUNDA NDICHISHANDA  
SEMURANDA KWOLUPENYU HWANGU  
HWOSE. NDICHIRI MUDIKI, NDINODA  
KUMBOFARAWO NESHAMWARI  
DZANGU.



IDZO SHAMWARI  
DZAKO DZISINGADI  
ZVEKUSHANDA,  
DZINONGOFUNGA  
KUTI MADHONGI  
API EKUBHEJERA,  
IWAINI IPI INODHAKA,  
LIYE VAKADZI VAPI  
VANGAVAFADZE.

MUNOZIVEI IMI  
NEZVEUPENYU, MACHEMBERERA  
PANO PAMUNDA. NDINODA  
KUENDA KUGUTA KUNOGADZIRA  
UPENYU HWANGU.

MUPEI MUGOVE WAKE  
AENDE, TIRINANI ASIPO,  
MUNHU ASINGADI KUSHANDA  
ZVINOITA VAMWE.



BABA VAKAPA  
MWANAKOMANA WAVO  
MUDIKI MUGOVE WAKE,  
AKAYAMBUKA NZIZI ACHIENDA  
KUGUTA KUNOTSVAGA  
MAFARO.

UHU NDOUNONZI  
UPENYU MANJE  
UHU, PASINA  
MUNHU ANOKUUDZA  
ZVOKUITA.

LUKA 15:11-13






MWANAKOMANA  
MUDIKI...

HEYII,  
IZVI ZVINODAKADZA  
KUDARIKA  
ZVANDAIFUNGIRA, VANHU  
VOSE AVA, UYE ZVIVAKWA  
ZVOSE IZVI. KUNO  
NDOKUNE ZVESE.

REGAI  
NDITSVAGE  
POKUGARA  
NDICHIRIPIRA  
HANGU.





PANO  
PAKANAKA,  
REGAI  
NDIPINDE.

KANA PAINE  
CHAUNODA,  
UNONGOTIUDZA,  
TAKASVINURIRA  
KUKUBATSIRAI  
MASIKATI  
NOUSIKU.

CHII CHIMWE  
CHALINGADA PAKADAI,  
MANGWANA NDICHAPINDA  
MUGUTA NDINOONA  
VANHU VEMUNO.



LUKA 15:13




NDIYANI UYU? MUKOMA,  
VACHANGOBVA KUMUSHA,  
REGAI TIVAONGORORE.  
VANODARO VAKATSVINDA  
TIKAONA CHISO CHAVO.

MUKOMA, KANA MUCHIDA  
MAFARO, TANGAI MAGERWA,  
MOTSVAKAWO ZVIPFEKO  
ZVINOYEVEDZA.


CHIKOMANA,  
HAUCHIONEKA,  
NDOKUNONZI  
KUPFEKA-KA  
UKU.





TINOFARA  
KUTI WALIYA  
KUZODYA  
PAMWE NESU.

WAKURATIDZIKA  
ZVAKANAKA MANJE,  
WAGERWA ZVAKANAKA  
LIYE WAKAPFEKA  
ZVINOYEVEDZA.



NGATIFARIRE  
SHAMWARI YEDU ITSVA  
IYI. UGARE UCHIFARA.

UYE  
UWANE  
RUDO.

MUTENGESI,  
IPAI SHAMWARI  
DZANGU IDZI  
ZVIMWE  
ZVINWIWA.

LUKA 15:13

HATIGONI HERE  
KUIENDA KWALURI KUGARA,  
TINGORI VAVIRI HEDU.





KWEMWEDZII  
YAKATI O, MUKOMANA  
UYU AKARARAMIRA MAFARO  
NESHAMWARI DZAKE, SEZVO  
PAIVE NEMARI.



RAKASVIKA ZUVA APO  
MARI YAKANGE YAPERA  
NEKUBATA MAFARO, ASI  
SHAMWARI WAIVA NADZO  
DZAIVE NEMARI.



UNOREVEI KANA  
UCHITI HAUCHINA MARI,  
NDAIFUNGA KUTI URI  
MUPFUMI?


ZVINODA MARI ZHINJI  
KUGARA MUNO MUGUTA. SVONDO  
RAKAPERA NDAKABHEJA MARI  
YANGU YAINGE YASARA PAMABHIZA  
NDICHIFUNGA KUTI NDICAHWINHA,  
ASI BODO..

UNOREVA KUTI  
HAUCHINA MARI? SAKA  
UCHANDITENGERA SEI  
ROKWE RIYA RAWAIDA  
KUNDITENGERA?

NDALFUNGAWO  
KUTI PAMWE BABA  
VAKO VACHANDIPA  
BASA ROKUTARIRA  
DZIMBA DZAVO.

BASA!





LINGAZVIFUNGE  
KUTI NHASI NDINI  
NDAVE KUCHENGETA  
NGURUVE. ZVIPFLIYO  
ZVAKAN'ORA.

NDALIFUNGA KUTI  
NDINE SHAMWARI.  
KANA MUMWE  
ACHATAURA NENI ZVAKE.  
ASI NDICHAWANA RIMWE  
BASA NDIGODZOKERA  
PAMUSORO  
PANDAIVE.

OINGI..

OINGI..

SIRAKI...  
SIRAKII..

GURURURU...



HANDINEI NAZVO  
ZVOKUTI UNORWARA, ITA  
BASA RAKO KANA KUTI  
NDOTSVAGA MUMWE.  
HANDE TIONE!

HONGU  
ISHE, NDINE  
HUROMBO.  
REGAI NDIITE  
BASA RANGU.



BASA IRI HARINA  
MARI. HANDIGONI  
KANA KUTENGA  
CHIKAFU CHAKANAKA,  
APO SHAMWARI  
DZANGU DZIRIKUDYA  
ZVAKANAKA.




NDAKAITA  
LIPENZI CHAIHWO, KO  
NDIKADZOKERA KUNOKUMBIRA  
KUITA MURANDA KUMBA KWEDU?  
NDAKAPARADZA MUGOVE WANGU  
WENHAKA, ASI NDINOKWANISA  
KUNOITA MUSHANDI KANA  
VAKANDIBVUMA.

HONAI  
ZVANDAVE. NDINORARA  
NDICHITONHORWA,  
HANDIDYE NDICHIGUTA,  
UYE BASA RANGU RINOREMA.  
KUNO NDINODYA NENGURLIVE,  
ASI VASHANDI VABABA VANGU  
VANODYA ZVAKANAKA.  
KWETE, HANDINGADZOKERE  
KUNYANYA NDICHITARISA  
MABVIRO ANDAKAITA.









NDAKUENDA  
KUMBA  
KWEDU.

BENZI  
REMUNHU! HAUNA  
MARI YEBHAZI,  
UCHAFAMBA CHIURU  
CHEMAMAIRA.



MUSHURE  
MEMASVONDO  
ACHIFAMBA,  
AKANGE AVE  
PEDYO NEKLUMBA  
KWAVO.

NDAKUSVIKA.  
HANDINA MVUMO  
YOKUTARISIRA  
KUNOGAMUCHIRWA. NDICHANOTI,  
"BABA, NDAKATADZA,  
HANDICHINA MVUMO YOKUNZI  
MWANA WENYU. NDITOREIWO  
SEMUMWE WEVARANDA  
VENYU."



UNOONA MURLUME  
UYO ANOBVA NEKOKO. MAZISO  
ANGU HAACHAONA ZVAKANAKA,  
ASI ANOITA SEMWANA WANGU  
WAKATETEREKA NENYIKA.

NDIZVOZVO,  
ATIKUREI, UYE  
AWONDA, ASI  
NDINOTENDA  
KUTI NDIYE  
MWANAKOMANA  
WENYU.

**MWANAKOMANA  
WANGU!**





MWANAKOMANA  
WANGU! JAYA  
RANGLU! WADZOKA  
KUMUSA!

BABA  
NDAKATADZA  
MUMESO ENYU.



HANDICHAKODZERE  
KUNZI MWANA  
WENYU.


TAIFUNGA  
KUTI WAKAFA, ASI  
URI MUPENYU.  
UCHASHAMBIDZWA  
ZVINO-ZVINO.

HAUNGAENDI  
KUMBA WAKADAI, VARANDA  
VANGU VACHAKUPFEKEDZA NHUMBI  
NESHANGU DZAKANAKA. MHETE YAKO  
YEMUCHIGUNWE IRIPI? NDICHAKUPA  
IMWE. MWANA WANGU AKANGE  
AKARASIKA, ZVINO ADZOKA.




URAYAYI  
CHIMHURU CHAKAKORA,  
MOGADZIRA MUTAMBO  
MUKURU. DAIDZAI  
SHAMWARI DZANGU  
TIGOFARA NOKUTI NHASI  
IZUVA ROKUFARA.





NDINOFARA KUTI MOSE  
MALIYA KUZOBATIRANA NENI  
MUMHEBERO INO. MWANA  
WANGU HAANA SIMBA KUBVA  
PAMADZUDZO AAKASANGANA  
NAWO, ASI ANOITA ZVAKANAKA  
PASINA NGUVA. NHASI  
IZUVA GURU KWANDIRI  
ROMUFARO.



MUKOMANA  
MUKURU WAKANGE  
AVHAKACHA  
KWEMAZUVA,  
PAAKADZOKA  
AKAWANA PAMBA  
PANE MUTAMBO  
MUKURU.


MAFARO EIKO  
ANDINONZWA  
AYA?

MUNIN'INA  
WAKO AKADZOKA  
ASAKARA. ARIKURWARA  
LIYE AKAPARADZA UPFUMI  
HWAKE HWOSE. BABA  
VAKO VARIKUPEMBERA  
KUTI ADZOKA.  
KURUMIDZA KUPINDA.


HANDISI  
KUZOBATIRANA NAVO  
PACHINHU CHOU PENZI  
CHAKADARO. AKARARAMA  
SEBENZI ACHITADZA  
ZVINONYANGADZA.

MURANDA AKAUDZA BABA  
VAVO ZVAINGE ZVATAURWA  
NEMUKOMANA MUKURU. BABA  
VAKABUDA KUZOTAURA NAYE.

KWENGLVA REFU  
NDAKATSVAGA MWANA UYU  
NDICHIFUNGA KUTI PAMWE AKAFA.  
NDAKANGE NDISISINA TARIRO,  
ASI NDAKAZOMUONA ODZOKA  
NENZIRA YOKOKO. UNGATI KUDII  
NEKUIROPADZWA KWAKADAI.  
MWARI WAKANAKA.




MUNOITA SEI  
KUPEMBERERA  
MUTADZI  
WAKADAYI KUTI  
ADZOKA. HANDISI  
KUZOITA CHINHU  
CHAKADARO.



IYI INYAYA  
INOFADZA  
ZVAKANYANYA.  
SAKA MURI KUTI  
ISU TAKAFANANA  
NEMUKOMANA  
MUKURU?

UYO  
ANENZEVE  
DZOKUNZWA,  
NGAANZWE.

LUKA 15:23-32




UYU MUNHU  
AKASHATA. VANHU  
VOSE VANOMUDA.

ANOPA  
VANHU  
TARIRO.


ICHOKWADI, ASI ARIKUNYEPERA  
VANHU. NDIYANI ANGAWANE UPENYU  
HUSINGAPERI IYE ARI MUTADZI? ANOFANIRA  
KUFA. DAIIDZAI VANHU VOSE MUVAUDZE KUTI  
TIZONOSANGANA KWEMUPIRISITA MUKURU.

HUYAI, NGATIDZOKERE KUGARIREYO  
TIMBONAZORORA. NGLVA INOSVIKA PAVACHANDIISA  
MUTIRONGO. VACHANDIMHURA NOKUNDIURAYA. ASI  
NEZUVA RETATU NDICHAMUKA KUVAFI.

A group of men in traditional robes are walking through a desert landscape. The scene is set in a sandy, arid environment with sparse green vegetation and a distant city or settlement on a hillside. The men are dressed in simple, earth-toned clothing, and their expressions suggest a journey of some significance. The overall style is that of a comic book illustration.

ANOREVEI  
PAKUTI,  
"KUMUKA  
KUVAFI."

HANDIZIVI,  
PAMWE  
CHIRAHWE.



ISHE, NDATEMWA  
NAMARITA. HANZVADZI YAKE  
INORWARA ZVAKAIPISISA. VATI  
MUKAKASIRA MUNOGONA KUWANA  
ACHIRI MUPENYU. TINOZIVA  
MUNOGONA KUMURAPA.

RAZARASI?  
WARWARA?  
NGATIKASIREY?

TAURIRA MARIYA NAMARITA KUTI  
URWERE UHWU HAUSI HWOKUTI AFE, ASI  
HWOKUTI MBIRI YAMWARI IONEKWE.

ISHE, KWAPERAZVAKAIPISISA. ZVICHATITORERA MAMWE MAZUVA MAVIRI KUTI TISVIKEKO, HATIFANIRE KUNGE TOSIMUKA HERE?



ISHE, KWAPERAZVAKAIPISISA. ZVICHATITORERA MAMWE MAZUVA MAVIRI KUTI TISVIKEKO, HATIFANIRE KUNGE TOSIMUKA HERE?

TINOSIMUKA MANGWANA. MUCHAONA MBIRI YAMWARI.





ISHE, KWAPERA  
MAZUVA MANA,  
TINOSVIKA NENGLUVA  
HERE?

RAZARASI WAFU.  
NDINOFARA KUTI  
NDANGE NDISIKO.  
ZVINO MUCHAONA  
MBIRI YAMWARI.

WAFU?  
RAZARASI  
WAFU?

MATEU 20:17-19; JOHANE 11:1-15




JESU  
NEVADZIDZI  
VAKE VARI  
PANZE.

**AIKAZVE...**

**KWETE KANI...**

NGAVAMIRE PANZE IPAPO.  
HAZVIZONDINAKIRE VAKAPINDA  
MUNO VACHIONEKWA NEVAFARISE  
NEVAPIRISITA, VANOTSVAGA  
KUALURAYA.

**RAZARO  
WANGU  
KANI!**



ISHE, DAI MANGA MURIPANO  
HANZVADZI YANGU INGADAI  
ISINA KUFA. NANHASI CHERO  
CHAMUNOKUMBIRA KUNA MWARI  
VANOKUITIRAI.


HANZVADZI YAKO  
INOMUKA KUVAFI.

NDINOZIVA KUTI  
UCHAMUKA PAKUMUKA  
KWEVOSE PAKUPERA  
KWENYIKA.



INI NDINI  
KUMUKA  
NOUPENYU.

LIYO  
UNOTENDA  
MANDIRI  
HAANGATOMBOFI, ASI  
LINORARAMA ZVEKARE.  
VOSE VAPENYU  
VANOTENDA MANDIRI  
HAVANGATOMBOFI.

A woman with a blue headscarf is shown from the chest up, looking upwards and to the right with a concerned expression. Her right hand is raised, palm facing forward, in a gesture of pleading or warning. A white speech bubble with a black border is positioned to her right, containing text in a bold, sans-serif font. The background is a simple light blue with some dark, horizontal brushstrokes at the top.

HONGU ISHE,  
NDINOTENDA KUTI  
NDIMI MUPONESI  
MWANAKOMANA  
WAMWARI  
WAKAPOROFITWA  
KUTI UCHAZOLUYA  
MUNYIKA.

PAKAPEDZA MARITA  
KUTAUURA NAJESU, AKATUMA  
MURANDA WAKE KUTI  
ANOMUSHEVEDZERA MARIYA.

HUYAI,  
AVAKUENDA  
KUMAKUVA  
KUNOCHEMA.

**VEDUWEE...**

JOHANE 11:17-31





ISHE, DAI  
MAGA MURIPANO  
HANZVADZI YANGU  
INGADAI ISINA  
KUFA.

MAMURADZIKA  
PAPI?



TINOMUSLIWA  
ZVAKANYANYA.





TARIRA  
LIONE MADIRWO  
AIIITWA RAZARASI  
NAJESU.

KO IYE AISVINUTSA  
MAPOFU AKATADZA  
NEYI KUCHENGETEDZA  
SHAMWARI YAKE KUBVA  
KURUFU URWU.




**KLINGURUTSAI  
DOMBO IRO  
RIBVE IPAPO.**

**HANDINA KUTI MUKATENDA  
MANDIRI MUCHAONA  
KUBWINYA KWAMWARI HERE?  
BVISAI DOMBO IRO.**

**NHAI ISHE,  
HAASI ONLUHWA  
HERE ZVAKWAPER  
MAZUVA MANA  
AVIGWA?**

BABA, NDINOKUTENDAI  
NOKUTI MUNONDINZWA. HANDISI  
KUNAMATA NOKLIDA KWANGU, ASI  
NOKLIDA KWEAVO VAKANDITARIRA KUTI  
VAGOTENDA KUTI MAKANDITUMA.  
IKOZVINO BABA, CHIRATIDZAI  
KUBWINYA KWENYU.





**RAZARASI  
NDINOTI  
KWAURI BUDA!**

**ZVAAVA  
KUITA IZVI  
ZVANYANYA.**

**CHOKWADI,  
AKURATIDZA  
LIPENZI  
HWAKE.**



SEI ACHIDARO,  
HANDITI MUTUMBI  
WANGA WOTOTANGA  
KUSHATA HERE?

KANA VANHU VOSE  
VAKAONA KUTI MUNYENGERI  
ZVINOITA NYORE KWATIRI  
KUTI TIMURAYE.



**CHIKO ICHI?  
HANDIZVITENDI  
IZVI.**

**HANDIZVITENDI!**



**MWARI  
NGAVAKUDZWE!**

**HUREE!**



**AZVIITA!  
MARIYA,  
AZVIITA!**

**MUPENYU!  
MUPENYU  
MUSHURE  
MEMAZUVA  
MANA.**

**JOHANE 11:43-44**



MUSHURE  
MEMAZUVA  
MANA, RAZARASI  
AKABUDA  
MUBWIRO,  
AKASUNGWA  
NEMICHEKA  
MAKUMBO  
NEMAOKO.

MUSUNUNGUREI,  
MUMUREGE  
AENDE!




NDIYANI  
ANAGITE  
IZVI KUNZE  
KWAMWARI.

KO KUNDISUNGA  
KUDAI INDAVA?  
NDISUNUNGUREI  
KUMICHEKA  
YEMUBWIRO IYI.

WANGE  
WAKAFA  
KWEMAZUVA  
MANA.

ISHE, ZVAKANAKA  
KUKUONAI.  
NDINOZIVA KUTI  
NDIMI MANDIMUTSA  
KUVAFI.





IWE  
RAZARASI, TANGA  
TAKUSUWA  
ZVAKANYANYA.

NDINE NZARA,  
VALIYA KUZOCHEMA  
PARUFU NGAVAENDE  
HAVO, TIGONE  
KUDYA.


ROPAFADZWAI  
MWARI NAISHE  
WEDU.

UNGATENDE ZVATAONA  
HERE? HAPANA KUNYENGERA  
APA, NDAKAMUONA RAZARASI  
ASATI AVIGWA. AINGE AFA  
ZVEMAZVIROKWAZVO. HAPA  
CHITSOTSI APA.



KANA VARI  
JERUSAREMA  
VAKANZWA IZVI  
VACHAMUGADZA  
MAMBO, NGATIONE  
ZVEKUITA  
NOKLUKASIKA.

TICHAUDZA  
VANYORI  
NAVAFARISE  
NOKLUKASIKA.




KUTI JESU AITA  
CHITSOTSI NHASI, KANA  
VERUZHINJI VATOFUNGA  
KUTI AMUTSA MUNHU  
KUVAFI.

HAZVINA BASA  
KUTI WAZVIITA SEI,  
CHAKAKOSHA NDECHOKUTI  
KANA UKASAMISWA KUITA  
IZVI MOYO YAVAZHINJI  
ICHATENDEUKIRA KWAARI.


KANA PAKAITA KUMWE  
KUMUKIRANA VAROMA  
VANOTIBVISA PAZVIGARO ZVEDU.  
VANODA KUTI TICHENGETE  
RUNYARARARO.

JOHANE 11:44-48



ASI JESU HAASI  
PAKURWISANA  
NEVAROMA KANA  
KUKONZERA  
MHIRIZHONGA.


MASHOKO AKE ANOKONZERA  
MHIRIZHONGA! ANOTAIRIRA  
VERUZHINJI KUTI TIRIVANYENGERI.  
VANHU VANOTISVORA  
NOKUTIMHURA PACHENA.



ANOFANIRA  
KULURAWA.  
HAAZOGONI  
KUZVIMUTSA  
KUVAFI.

NGAZVIITWE  
NEKLUKASIKA  
ASATI APARADZA  
RUKUDZO RWOSE  
RWECHITENDERE  
CHEDU RWANGA  
RWIRIPO.

VAROMA  
VASATI  
VATIOMESERA.




VANDIRAMBA, UYE VANOTSVAGA  
KUNDIURAYA, HAVAZIVI KUTI NDINI  
RUPONESO RWAVO. NDAENDA,  
VAROMA VACHAPARADZA TEMBERI  
YAVANODISA IYOYO. HAPANA IBWE  
RICHASARA RAKAMIRA PANERIMWE.




ICHAKWANA NGLVA APO VOSE VANONDIDA  
VACHAKANDWA MUMATIRONGO. MUCHAVENGWA NEMARUDZI  
OSE NOKUTI MUNONDIDA. VAMWE VENYU MUCHAFIRA  
MUMAOKO AVO. VAMWE MUCHADZINGWA KUBVA PAMISHA  
YENYU NEPAMABASA ENYU. MUSAZOSHAMISIKA PANOITIKA  
ZVINHU IZVI NOKUTI MUCHANZWA ZVEHONDO, KUDENGENYEKA  
KWENYIKA, ZVIRWERE, NZARA NEKUPARADZWA  
KWAKAIPISISA, ASI MAGUMO ANENGE ASATI ASVIKA.






AWA NDIWO MAVAMBO  
EKUTAMBURA KUKURU.  
JERUSAREMA ICHAPAMBWA  
NEVATADZI KUSVIKA NGUVA YAVO  
YAZARA. KANA MUKANZWA KUTI  
NDADZOKA, ENDAI PANO NEAPO  
MUNOSANGANA NENI, ZIVAI KUTI  
OSE AYA MANYEPO. VAZHINJI  
VACHALIYA VACHISHANDISA ZITA  
RANGU KANA KUTAURA  
NEMUZITA RANGU.



ASI PANDICHADZOKA,  
NDICHAITA SEMHENI, ZVOKUTI  
MESO OSE ACHANDIONA. VAKAFA  
VACHAMUKA, LIYE NDICHAMISIKIDZA  
MUZINDA WANGU PASI. ASI ZVOSE  
IZVI ZVISATI ZVAITIKA, PACHAVE  
NENGLVA DZEKUTAMBUDZWA  
PASI ROSE ZVINOPFUURA  
ZVAMAKAMBONZWA KANA  
KUONA.

MATEU 10:22, 24:2,5-9, 21, 27-31; RUKA 19:43-44, 21:8;  
JOHANE 11:49-53; ZVAKAZARURWA 2:10



ISHE,  
MARITA  
WANDITUMA  
KUZOKUSHEVEDZAI,  
HANZI SUNUNGUKAI  
KUZOGARA  
KUMBA KWAKE.  
MUJERUSAREMA  
MASHATA NOKUTI  
VAZHINJI HAVASI  
KUFARA NOKUMUTSA  
KWAMAKAITA MAMBO  
WANGU KUVAFI.  
MUNGALYA  
MUKAZOGARA  
NESU HERE?


TINOFARA  
KUZOGARA NEMI,  
NDICHAFARAWO  
KUVAONA ZVEKARE  
NGUVA YANGU  
YOKUEDZWA ISATI  
YASVIKA.



NDIJESU  
NEVADZIDZI  
VAKE.


ISHE,  
MUSHA WANGU  
NDEWENYU,  
SUNUNGUKAI  
KUPINDA  
MUZORORE..

SHAMWARI YANGU  
RAZARO, WATSVINDA KUDARIKA  
PANDAKAPEDZISIRA KUMUONA.  
ZVINOFADZA KUKUONERA  
KUNO KUMBA KWAKO PANE  
KUBWIRO KWAWAIVA.



TAKUGADZIRIRAI  
KAMUTAMBO  
KEMABIKO, UYE  
VANYARIKANI  
VATOKOKWA.


ISHE NDIMI  
KUMUKA  
NOUPENYU.



ISHE, NDANZWA  
NEVANHU VAKAVIMBIKA  
KUTI MAJUDHA ANODA  
KUKUPAMBAI NECHISIMBA  
OZOKUPARADZAI.

NDAKALIYA  
PASI KUZOFIRA NYIKA.  
VACHANDIKANDA MUTIRONGO,  
NOKUNDIURAYA PAMUCHINJIKWA  
ASI NDICHAMUKA KUVAFI  
NEZUVA RETATU.

MATEU 20:19, 26:2;  
JOHANE 12:1-2, 14:6



IMI  
NDIMI KUMUKA  
NOUPENYU, UYO  
UNOTENDA MAMURI  
HAANGATOMBOFI.



MARIYA,  
ZVINONHUWIRA  
ZVAUNAZVO  
NDEZVEIKO.






ISHE, NDI MI  
KUMUKA NOUPENYU.  
CHERO MUKAFA  
ASI MUNORARAMA  
ZVEKARE.



NHAI MARIYA,  
ZVINONHLIWIRA IZVOZVO  
HAZVIKOSHI MADHORA  
ANODARIKA CHIURU HERE,  
LINOZVITAMBISIREIKO?

ARIKUZODZA  
ISHE WANI.

ASI INOGONA  
KUTENGESWA MARI  
YACHO IGOPIHWA  
VAROMBO.

A comic book illustration depicting a scene with three figures. In the center, a man with a beard and long hair, wearing a white tunic and a brown sash, sits and gestures with his right hand. To his right, another man with a beard and long hair, wearing a brown tunic, stands and looks towards the seated man. In the foreground, a woman with long dark hair, wearing a green tunic and a white head covering, kneels on a red surface, her hands clasped in prayer. The background features red curtains and a yellow wall.


MARIYA  
AKAPUKUTA  
MAKUMBO AJESU  
NEVHUDZI RAKE.

MUSIYEYI  
AKADARO,  
AZVIITA IZVI  
NOKUDA KWERUFU  
RWANGU  
RWUNOLUYA.



ANOREVEI PAANOTI  
NOKLIDA KWOKURADZIKWA  
KWANGU?

ANOTI  
ACHAURAWA. ASI  
HAAREVI KUURAWA  
KWOKLITOFAZVE?



NDAKAKUUDZAI  
KUTI MUFUDZI AKANAKA  
ANODURURA HUPENYU  
HWAKE, ACHIITIRA MAKWAI  
AKE. NDICHARAMBWA,  
NDIGOURAWA NOKUVIGWA,  
ASI NEZUVA RETATU  
NDICHAMUKA ZVEKARE.


MARIYA ARIKUGADZIRIRA  
MUVIRI WANGU PANDINOZOVIGWA.  
NGUVA YANGU YASVIKA,  
NGUVA YOKUTI NDIKUDZWE.  
HANDEI KUJERUSAREMA  
KWAZVICHANOITIKIRA.

MATEU 20:19;  
JOHANE 10:11, 12:3-8



**ISHE,  
JERUSAREMA  
YOSE  
YAKAMIRIRA  
KUKUONAI.**

**ENDAI  
MUNONDITORERA  
MBONGORO  
YOKITASVA TIENDE.  
TICHAENDAKO  
KUJERUSAREMA  
KOKUPEDZISIRA.**



ISHE, ZVIURU  
ZVAKAKUMIRIRAI KUTI  
MUPINDE MUJERUSAREMA.  
VANODA KUKUGADZAI  
MAMBO.

VACHANDIRAMBA,  
VONDIURAYA,  
ASI NDICHAMUKA  
NEZUVA RETATU.





HAVO,  
MAMBO  
WAVAJUDHA.

WAKAROPAFADZWA  
LIYO ANOLUYA  
NEMUZITA  
RAMAMBO.

NGAAKUDZWE  
MWANAKOMANA  
WADHAVHIDHI.



**VHURIRAI NZIRA  
KUNAMAMBO  
WAIZIRAYERE.**

**NGAVAKLIDZWE  
MWARI.**

**MUPONESI  
AKAVIMBISWA.**

**JOHANE 12:12-13**



VANHU  
VANOMUTI MAMBO  
WAVAJUDHA.

MWANAKOMANA  
WADHAVHIDHI  
TIDZIKINUREWO.


VANOFUNGA KUTI  
NDIYE MUPONESI  
AKAVIMBISWA.

SEI ARIKULIYA  
KUTEMBERI?  
HAAZIVE HERE KUTI  
HUPENYU HWAKE  
HURI MUNJODZI.



VACHIRI KUSVIBISA  
IMBA YAMWARI. UNOITA  
KUNGE MUSIKA, IYO IRI  
IMBA YOKUNAMATA.

NDINOGONA  
KUKUTENGESERA ICHI  
NOMUTENGO WAKANAKA.  
YAKATONZI YAKANAKA  
KANA UCHIDA KUPIRISA.



KWETE, KANA  
UCHIDA MUTENGO  
WEMARI URINANI, TSVAGA  
HAKO KUMWE. UYU  
NDOWANDINOKWANISA.

MATEU 21:11-12

JESU WAKAZVIITA ZVEKARE,  
AKADZINGA MBAVHA  
NEMAKORORO KUBVA  
MUTEMBERI.

BUDAI MUMBA  
MABABA VANGU  
NEMIDZIYO YENYU  
YAMUNOTENGESA  
IMI MBAVHA  
NEMAKORORO.

MUNOUYA  
MUNO KUZOITA  
MARI MUCHIBIRA  
AVO VALUYA  
KUZONAMATA. ENDAI  
KUGEHENA IMI  
NEMARI YENYU.

NGWARIRA!

**PWAKA KUPWANYIKA!**






ISIMBA  
RAANI RAURI  
KUSHANDISA  
APA?

**BWAGA  
BWAGA...**

**PWAKA  
KUPWANYIKA!**

UNOZVIITA  
ANI CHAIZVO  
IWE!


MUSAITE  
IMBA YABABA  
VANGU, IMBA  
YEMBAVHA.



ISHE, VAFARISE  
NEVAPIRISTA VATUMA VASORI  
KUZOTAPA MASHOKO ENYU. PANE  
RUNYEREKUPE RWEKUTI VANODA  
KUKUISAI MUTIRONGO TISATI  
TAPINDA MUPASEKA MUMAZLIVA  
MASHOMA.

MUNOZIVA HERE  
ZVAZVINOREVA KUTI ACHENESA  
TEMBERI MUSHURE MOKUPINDA  
KWAKE MUJERUSAREMA  
ACHIPEMBERERWA.






NDAKAKUUDZAI WANI  
KUTI VACHANDITAMBUDZA  
VOZONDIURAYA, ASI  
MUSHURE MEMAZUVA  
MATATU NDICHAMUKA  
KUVAFI.

HONGU, CHIPOROFITA  
CHINOTI "SHUNGU NEIMBA YAMWARI  
ICHAMUSVOSVA" UYE KUTI "UCHAKASIKA  
KUYA KUTEMBERI." IZVI ZVINORATIDZA  
KUTI NDIYE MUPONESI.

ANOFANIRA  
KUDZIVISWA PASEKA ISATI  
YAITWA. TINE MUTENGESI  
WEDU PAVADZIDZI VAKE.

MAPISAREMA 69:9;  
MATEU 21:12-13

REGAI NDIKUYAMBIREI,  
MUSHURE MOKUNGE  
NDAENDA, MUCHAISWA  
MUTIRONGO, VAMWE VENYU  
MUCHAROHWA LIYE VAMWE VENYU  
MUCHAURAWA. MUCHAPUPURA  
ZVORUDO NESIMBA RANGU  
PAMUNOMIRA MBERI KWEVATONGI.  
NDICHAISA MASHOKO ANGU  
MUMUKANWA MENYU. VANA  
VACHAPUPURA VACHISUNGIRIRA  
VABEREKI VAVO, VABEREKIWO  
VACHAPUPURA VACHISUNGIRIRA VANA  
VAVO. MUCHAVENGWA NOKUTI  
MUNONDIZIVA. VAPOROFITA  
VENHEMA VAZHINJI VACHAMUKA  
VACHINYEPERA KUNDIMIRIRIRA.  
MWEYA MUTSVENE  
ACHAMIRA NEMI.




ISHE,  
CHIRATIDZO CHIPI  
CHAMUNOTIPA  
CHINORATIDZA  
PAMUNODZOKA,  
LIYE MAGUMO  
ENYIKA.



ISHE,  
CHIRATIDZO CHIPI  
CHAMUNOTIPA  
CHINORATIDZA  
PAMUNODZOKA, UYE  
MAGUMO ENYIKA.


KANA VANHU VAKATI NDICHADZOKA NENGLIVA YAKATI,  
KANA KUTI PANZVIMBO YAKATI, MUSAVATENDE,  
SEKUPENYA KWEMHENI, NDOMADZOKERO ANDICHAITA.  
TENDEKAI KWANDIRI KUTI KUMAGUMO MUSAZOTONGWA  
SEZVICHAITWA VATADZI. TARIRAI NOKUTI HAMUZIVI  
NGLIVA KANA MUSI WANDICHADZOKA.

SEPAMAZUVA ANOWA,  
NDOZVAZVICHAVA PANDICHADZOKA.  
VANHU VAIKUDZA MAFARO VASINGAZIVI  
KUTI VARI MUNJODZI, KUSVIKA ZUVA  
IRO PAKALIYA DUTU RIKAVAEREDZA.  
NDICHALIYA SEZVINOITA MBAVHA  
USIKU.



VARUME  
VAVIRI  
VACHANGE  
VACHISHANDA  
MUMUNDA,  
MUMWE  
ACHATORWA  
KUNOSANGANA  
NENI, MUMWE  
ACHISARA.

MADZIMAI MAVIRI  
ACHANGE ACHIKUYA PAGUYO,  
MUMWE ACHATORWA MUWE  
ACHISARA. TARIRAI NOKUTI  
NDICHALIYA MUSI NENGLVA  
YAMUSINGAFUNGIRE.



ISHE,  
NDICHAMBOENDA  
KUNOONA MUMWE  
MURUME KUGUTA,  
NDICHADZOKA  
MUSHURE  
MECHINGUVA.

ENDA  
JUDHASI UNOITA  
ZVAWARONGA.



KANA MUKANDIPA  
MUBAIRO WAKANAKA,  
NDICHAISA JESU  
MUMAOKO ENYU.

ASI HAUSIWE  
HERE JUDHASI,  
MUMWE  
WEVADZIDZI  
VAKE?

HONGU  
NDAKAMUTEVERA  
KWEMAKORE MATATU, ASI  
KWETE HANDICHADI NEZVAKE INI.  
ANOTALURA ZVISINA MATURE,  
LIYE NDINODA KUSHANDISA  
MARI YAMUCHANDIPA.

NGUVA  
YASVIKA YOKUTI  
NDICHIKUDZWA. KANA  
MHODZI IKASADYARA  
MUVHU MAINOFA,  
INORARAMA IRIYOGA,  
ASI KANA IKAFU,  
INODYARA DZIMWE  
DZAKAWANDA.



MATEU 26:14-16; MAKO 13:5-13; RUKA 17:26-37;  
JOHANE 12:23-24; 2 PITA 3:10

MWEYA WANGU  
URIKUSHUNGURUDZIKA. NDOTI KUDII,  
"BABA, NDISUNUNGUREI KUBVA PANGUVA  
IYI"? KWETE, NOKUDA KWEBASA IRI  
NDAKALIYA PASI PANO.







BABA, KUDZAI  
ZITA RENYU.



**NDATORIKUDZA,  
LYE NDICHARIKUDZA  
ZVEKARE.**

**MWARI  
VATAURA  
NAYE.**


**ZVANGE  
ZVIINE  
MUTINHIMIRA  
SEMHENI.**

**NGIROZI  
YATAURA  
NAYE!**

IZWI IRI RABURUKIRA  
IMI KWETE INI. YAKWANA NGUVA  
YOKUTI SATANI ACHIKURIRWA,  
PANDICHASUMUDZWA  
PAMUCHINJIKWA NDICHAKWEVERA  
VANHU VOSE KWANDIRI.


TINOZIVA KUTI  
VAPOROFITA VAKATI  
MUPONESI ACHAGARA  
NOKUSINGAPERI, IWE  
UNOTI UCHAFU, SAKA  
NDIIYANI MUPONESI?





MUCHAVA NECHIEDZA  
KWENGLVA PFLUPI INOLUYA.  
TENDAI KUCHIEDZA MUCHINACHO  
KUTI MUVE VANA NAMWARI.

ANOTALURA  
ZVISINA  
MATURO  
KWANDIRI.



KANA  
MUNHU  
AKANDIRAMBA  
NEMASHOKO ANGLU,  
ANENGE ACHIRAMBA  
MWARI. NDINI  
CHAEDZA CHENYIKA,  
KANA UKATENDA  
MANDIRI HALINGAFAMBI  
MURIMA, ASI UNOVA  
NOLPENYU  
HUSINGAPERI.

JOHANE 12:27-36



<https://goodandevilbook.com/>